

АХЬМАД М. БАТИ

**Цхьана сохьтан алапа…**

КӀадвелла, суьйранна балхара цӀа веара да. Жимма садаӀа дехьа чу воьдуш, неӀарехь тӀевеанчу итт шо долчу цуьнан кӀанта, саца а вина, хаьттира:

– Дада, балхахь хьуна цхьана сахьтана мел ахча ло?

– Итт туьма ло, – аьлла жоп делла, кIантаца къамел кхин дах а ца деш, дехьа чу велира да.

Цхьа кIира хан яьллачул тIаьхьа, гуттар санна, шен балхара цIа вогIу да ларвеш, коре а хиъна Iаш вара кIант. Да чоьхьа валарца цунна тIе а хьаьдда, кIанта элира:

– Дад, цхьа хIума дара сан хьоьга ала лууш. Цхьана минотехь ладугIур дарий-те ахь? – велакъажарца ден бIаьра а хьоьжуш.

– ХIаъ, ладугIур ду кIант. ХIун ду хьан соьга ала лууш? – элира дас, цхьа а гIайгIа йоцуш санна, дIа-схьа а бIаьргаш а кхарстийна.

– Дад, дагадогIий хьуна ас хьоьга хаьттина, хьуна цхьана сахьтана балхахь мел ахча ло аьлла. Ахь суна хIора дийнахь деллачу ахчанах ас, дерриге а дохка а ца духкуш, цхьа дакъа гулдора. Итт туьма ахча гулди ас.

– ХIан, дада, хIара итт туьма ахча ду хьуна, балхахь санна, соьца а цхьана сахьтана охьахуур варий-те хьо? Ма чIогIа лууш ву со хьоьца,  цхьана сахьтана бен дацахь а, къамел дан, – сихвелла, шен киснара ахча схьа а эцна, шен дега дIакховдийра кIанта, догдахарца шен ден бIаьра а хьоьжуш.

Оцу дехаро цец а ваьккхина да, голаш тIе охьа а лахвелла, нийсса шен кIентан бIаьра а хьоьжуш, кIентан белшаш тIе шен ши куьг диллинчохь, сацавелира.

– КIант, хаьа суна, кху дахарехь а, балхахь а хьаьдда-ведда лелаш, хьо ас вицвиний. Амма, ца хаьара суна, хьо иштта чIогIа хьаьгна вуй  соьца охьахаа а, къамел дан а,

аьлла, велакъажарца шен кIентан хьаьж тIера месаш нис а йина, къевллина маравоьллира цо.

Хьомсара дай-наной! Ма мотталаш, оцу шайн берийн дегIан а, синан а хьашташ еккъа юург-мерг а, царна йо харж а бен яц. Цара шайн дагахь дерг ма-дарра схьа ца алахь а, уьш хьаьгна хуьлу шуна вайца охьа а хевшина, даггара къамелаш дан. Царна ма лаьа шайн гIайгIанаш а, хазахетарш а дена-нанна довзийта, сих-сиха вайх дагабовла. Берийн дахарехь уггар а доккха масал ма ду да-нана. Цундела, хIора дийнахь дацахь а, вай, дай-наноша, жимма мукъане а хан яккха езара вешан берашца, цаьрга лерина ладугIуш!